


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa prosés panalungtikan nu mangrupa studi pustaka, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyieun laporan panalungtikan. Desain panalungtikan pikeun analisis *Wawacan Simbar Kancana* ditilik tina struktur, budaya, jeung étnopédagogik bisa digambarkeun dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data ngawengku tilu rupa, diantarana:

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;

- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi; jeung
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kertas atawa dokumén (*paper*) nu mangrupa *Wawacan Simbar Kancana*. *Simbar Kancana* mangrupa ngaran hiji puti raja di Talaga Manggung. *Wawacan Simbar Kancana* aya sababaraha versi tapi sumber rékaan K.Tisnasujana. Pamedal *Wawacan Simbar Kancana* nya éta *Proyek Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah* di Jakarta taun 1983.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén dina panalungtikan éstu penting pisan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data ngarah pagawéanna bisa lumangsung leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Hartina leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu ngajadikeun datana leuwih gampang diolah. Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data.

Kartu data dina ieu panalungtikan dipaké pikeun analisis struktur formal *Wawacan Simbar Kancana*. Analisis struktur formal wawacan ngawengku analisis guru lagu jeung guru wilangan, analisis watek pupuh, jeung analisis sasmita pupuh dina *Wawacan Simbar Kancana*. Conto analisis struktur formal *Wawacan Simbar Kancana* ditilik tina guru lagu jeung guru wilangan bisa katitén tina tabél.

Tabél 3.1 Conto Format Data Analisis Struktur Formal
dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Ngaran Pupuh	Pada	Cutatan Pada/Padalisan	Guru lagu & guru wilangan	Sasmita	Watek
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Sangkan leuwih jéntré, conto data analisis struktur formal *Wawacan Simbar Kancana* digambarkeun dina wangun tabél di handap.

Tabél 3.2 Conto Analisis Struktur Formal

Wawacan Simbar Kancana

No	Ngaran Pupuh	Pada	Cutatan Pada/Padalisan	Guru lagu & guru wilangan	Sasmita	Watek
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(8)	(9)
1	Masku-mambang	105	Humiliwir angin leutik matak resmi, mawa sari kembang, lelep tiis narik asri, nyelesepe kana salira.	12-i 6-a 8-i 8-a	Kembang	-
		107	Reujeung deui disawur ku manuk ngawih, dina tatangkalan, ngan ngawihna semu sedih, jiga nu nandang nalangsa.	12-i 6-a 8-i 8-a	-	Sedih

Analisis struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana* bisa katitén tina sababaraha aspék, diantarana: galur carita, motif carita, tokoh carita, latar carita, jeung téma carita. Conto format data analisis struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana* ditilik tina latar carita bisa katitén dina tabél di handap.

Tabél 3.3 Conto Format Data Analisis Latar

dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Latar	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(4)	(5)

Sangkan leuwih jéntré, conto data analisis digambarkeun dina wangun ieu tabél, nya éta:

Tabél 3.4 Conto Analisis Latar dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Latar	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(4)	(5)
1	Tempat: Gunung	I/17/5/4	... Ayana tutugan gunung Suku Gunung Ciremay ...

Keterangan kode data:

I : kanto (nomer pupuh)

17 : kaca

5 : pada

4: kode struktur naratif latar

Analisis unsur-unsur budaya dina *Wawacan Simbar Kancana* diantaranya:

1) sistem réligi (kapercayaan) jeung upacara kaagamaan, 2) sistem jeung organisasi kamasarakatan, 3) sistem élmu pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem téknologi. Conto format data analisis unsur-unsur budaya dina *Wawacan Simbar Kancana* bisa katitén saperti dina tabél di handap.

Tabél 3.5 Conto Format Data Analisis Unsur Budaya Élmu Pangaweruh dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Élmu Pangaweruh	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)

Sangkan leuwih jéntré, conto data analisis digambarkeun dina wangun tabél.

Tabél 3.6 Conto Analisis Unsur Budaya Élmu Pangaweruh dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Élmu Pangaweruh	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Palintangan	II/22/41/3	... Palintangan élmu dihin ...

Keterangan kode data:

II : kanto (nomer pupuh)

22 : kaca

41 : pada

3 : kode unsur budaya élmu pangaweruh

Analisis *Wawacan Simbar Kancana* ditilik tina étnopédagogik Sunda diantaranya: catur jatidiri manusa nu ngawengku: 1) pengkuh agamana, 2) luhung élmuna, 3) jembar budayana, jeung 4) rancagé gawéna. Conto format analisis data étnopédagogik dina *Wawacan Simbar Kancana* bisa katitén saperti dina tabél di handap.

Tabél 3.7 Conto Format Data Analisis Étnopédagogik
dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Sangkan leuwih jéntré, conto data analisis digambarkeun dina wangun tabél di handap.

Tabél 3.8 Conto Analisis Étnopédagogik dina *Wawacan Simbar Kancana*

No	Indikator	Palaku	Kode Data	Cutatan Pada/Padalisan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Luhung élmuna	Talaga Manggung	I/18/8/2	Talaga Manggung kakasih Éstu ratu pinilih Luhung pinuh ku panemu

Katerangan kode data:

I : kanto (nomer pupuh)

18 : kaca

8 : pada

2 : kode étnopédagogik catur jatidiri manusa luhung élmuna

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Téknik panalungtikan mangrupa salasihiji usaha pikeun néangan hasil panalungtikan maké métode anu tangtu sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002, kc. 18). Nurutkeun Fathoni (2005, kc. 104), data nya éta informasi anu dicangking ngaliwatan ukuran-ukuran anu tangtu pikeun dijadikeun papagon dina nyusun arguméntasi logis jadi fakta. Sedengkeun fakta

nya éta kanyataan anu geus diuji bebeneranana sacara émpiris, diantarana ngaliwatan analisis data.

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka. Téhnik studi pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun téori-téori pikeun bahan tulisan sangkan dijadikeun papagon dina ngayakeun panalungtikan (Suyatna, 2002. kc. 19). Nurutkeun Sukmadinata (2012, kc. 10), studi pustaka mangrupa kagiatan pikeun nalaah téori-téori dasar ngeunaan panalungtikan boh élmu nu ditalungtikna boh métodologi panalungtikanna.


Léngkah-léngkah téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Maca *Wawacan Simbar Kancana*;
- 2) Nyirian struktur formal jeung struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana*;
- 3) Nyirian data nu aya patalina jeung unsur-unsur budaya jeung étnopédagogik; jeung
- 4) Ngasupkeun data-data nu geus dicirian kana kartu data sangkan babari nalika analisisna.


3.5 Analisis Data

Panalungtikan ngeunaan *Wawacan Simbar Kancana* mangrupa panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu miboga tujuan pikeun déskripsi jeung analisis kajadian, *aktivitas* sosial, kapercayaan, *persepsi*, jeung pamikiran jalma boh sacara individu boh sacara kelompok (Sukmadinata, 2012, kc. 60).

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 245), analisis data kualitatif sipatna induktif nya éta analisis dumasar kana data nu dicangking tuluy dimekarkeun jadi hipotésis. Nurutkeun Miles jeung Huberman (dina Sugiyono, 2013, kc. 246), analisis data kualitatif dipigawé sacara interaktif jeung lumangsung nepi ka anggeus. Kagiatan dina analisis data ngawengku: *data reduction*, *data display*, jeung *coclusion drawing/verification*. Léngkah-léngkah analisis bisa katitén tina gambar.



Gambar 3.1 Komponén dina Analisis Data

Bagan 3.2 Komponén dina Analisis Data (*Interactive Model*)1) Réduksi data (*Data Reduction*)

Data nu dicangking ti lapangan kudu dianalisis maké réduksi data. Réduksi data nya éta ngumpulkeun jeung milah-milah hal-hal nu penting pikeun ngaguar téma jeung eusina. Ku kituna, data nu geus dipilah-pilah bakal méré gambaran nu leuwih jéntré jeung nu nalungtik leuwih babari pikeun ngumpulkeun data satuluyna (Sugiyono, 2013, kc. 247).

2) Midangkeun data (*Data Display*)

Sanggeus data dikumpulkeun jeung dipilah-pilah, tuluy éta data kualitatif dipidangkeun dina wangun pedaran, bagan, patalina antar katégori, jrrd. Data nu panglobana dipaké nalika midangkeun data dina panalungtikan kualitatif nya éta téks nu sipatna naratif (Sugiyono, 2013, kc. 249).

3) Kacindekan jeung verifikasi (*Conclusion Drawing/Verification*)

Léngkah nu katilu nya éta nyieun kacindekan jeung vérifikasi. Kacindekan mimiti sipatna saheulaanan jeung bakal robah lamun teu manggih bukti nu kuat tur ngarojong kana tahap ngumpulkeun data satuluyna. Kacindekan bakal *kredibel* lamun kacindekan mimiti dirojong ku bukti-bukti nu valid jeung konsistén. Kacindekan dina panalungtikan kualitatif bisa ngajawab rumusan masalah nu dijieun mimiti, tapi bisa ogé henteu, lantaran rumusan masalah dina kualitatif sipatna saheulaanan jeung bakal robah nalika panalungtikan di lapangan. Kacindekan dina panalungtikan kualitatif nya éta hasilna mangrupa data anyar nu acan aya saméméhna (Sugiyono, 2013, kc. 252-253).

Dumasar pedaran di luhur, téknik analisis *Wawacan Simbar Kancana* bisa katitén saperti ieu di handap.

- a) Maca jeung neuleuman *Wawacan Simbar Kancana*;
- b) Data dikelompokkeun atawa diklasifikasikeun dumasar kana masalah panalungtikan nya éta struktur formal jeung struktur naratif wawacan, unsur-unsur budaya dina *Wawacan Simbar Kancana*, jeung étnopédagogik nu nyampak dina *Wawacan Simbar Kancana*;
- c) Nyieun kacindekan tina hasil analisis *Wawacan Simbar Kancana*; jeung
- d) Nyusun hasil analisis *Wawacan Simbar Kancana*.